

## ABSTRAK

Sri Rahayu. 2018. Studi Rupa-rupa sato taneuh di dasar Leuweung Jayagiri Lembang, Kabupatén Bandung Kulon. Diaping ku Drs. H. Ahmad Mulyadi, M.Pd. salaku pangaping I jeung Dita Agustian, S.Pd., M.Pd salaku pangaping II.

*Tujuan tina panalungtikan ieu nya éta menangkeun data rupa-rupa sato taneuh di dasar Leuweung Jayagiri Lembang, Kabupatén Bandung Kulon. Panalungtikan ieu ngangge métode déskriptif anu desain panalungtikana belt transrct. Desain ieu digunakeun dina dua lokasi, nyaeta leuweung anu katutup dangdaunan sareng leuweung anu teu katutup dangdaunan (kabuka). Tiap lokasi di wengku ku tilu tempat anu masing-masing jarakna 33,3 méter, sarta tiap tempat diwengku ku genep kuadrat anu luasna 1x1 méter sarta jarak antar kuadratna 20 méter. Conto dibawa ngagunakeun padika Fit Fall Trap, Hand Sorting sarta Pangapungan. Data anu diukur nya éta rupa-rupa sato taneuh tina dua lokasi, ti leuweung anu katutup dangdaunan dimeunangkeun hasil 421 individu rupa-rupa sato taneuh anu kaasup kana 3 filum, 4 kelas, 13 ordo, 58 genus sarta 61 spesies. Salajengna ti leuweung anu henteu katutup dangdaunan dimeunangkeun hasil 157 individu anu kaasup kana 4 filum, 5 kelas, 10 ordo, 46 famili, 59 genus sarta 67 spesies. Data pangrojong anu diukur diantarana suhu udara, kelembapan udara, intensitas cahaya, suhu taneuh, kelembapan taneuh sarta pH taneuh. Nilai indéks rupa-rupa sato taneuh di leuweung anu katutup dangdaunan nya éta 2,816 sareng di leuweung anu henteu katutup dangdaunan nya éta 2,888, kadua hal ieu nembongkeun yén rupa-rupa sato taneuh kaasup kategori sedeng.*

**Konci: Rupa-rupa, Sato taneuh**